25 25 TECHNOLOGIES LLC

PIPIRIT

Gid konplè pou aprann tape vit epi byen



100 % SAN ENTÈNÈT **AZERTY + QWERTY** **TÈS + SÈTIFIKA**

Pou tout moun : patikilye, fanmi, lekòl, biwo

Max Ricardo Montès

Devlope pa : 25 25 Technologies LLC



PIPIRIT

Gid konplè pou aprann tape vit epi byen

Liv sa a eksplike w aplikasyon Pipirit la depi nan kòmansman rive nan fen : enstalasyon, leson yo, tès vitès, estatistik, pratik siblé, mòd sekretè, mòd dikte, sètifika a, epi sovgad done w yo. Chak eksplikasyon gen yon imaj ekran reyèl aplikasyon an pou ede w konprann pi vit.

25 25 Technologies LLC

Max Ricardo Montès

Vèsyon aplikasyon an : 2.7.3

Sa k gen nan liv la

1. Entwodiksyon
2. Enstalasyon
3. Premye fwa w ouvri Pipirit
4. Ekran prensipal la
5. Leson yo
6. Tès vitès
7. Estatistik ou yo
8. Pratik siblé sou touch fèb yo
9. Vi pwofesè a
10. Mòd Sekretè
11. Mòd Dikte
12. Sètifika a
13. Sovgad done w yo
14. Konsèy pou w pwogrese
15. Kesyon yo poze souvan
16. A pwopo epi kredi

Chapit 1 : Entwodiksyon

Kisa Pipirit ye

Pipirit se yon aplikasyon pwofesyonèl pou aprann tape sou klavye vit epi byen, ak tout dwèt ou, san w pa gade klavye a. Non an se non yon ti zwazo ki rapid epi ki toujou ap bouje; se konsa dwèt ou yo ap vin rapid sou klavye a tou, ti pa ti pa, leson apre leson.

Aplikasyon an mennen w etap pa etap. Ou kòmanse ak kèk touch senp, epi w ap avanse jouk ou rive tape tèks konplè nan plizyè lang, san w pa bezwen gade men w yo.

Pou ki moun Pipirit fèt

Pipirit fèt pou tout moun : timoun kou granmoun, elèv, etidyan, sekretè, pwofesyonèl, epi nenpòt moun ki travay ak òdinatè. Yon fanmi ka sèvi ak l sou yon sèl òdinatè, chak moun ak non pa l. Yon lekòl oswa yon biwo ka sèvi ak l pou antrene tout moun, epi suiv pwogrè chak moun nan vi pwofesè a.

Li travay 100% san entènèt


Apre w fin enstale Pipirit, ou pa bezwen entènèt ditou. Leson yo, tès yo ak rezilta yo rete sou òdinatè w la. Ou pa bezwen kreye okenn kont sou entènèt, epi done w yo pa ale okenn kote.

Sa w ap jwenn nan aplikasyon an

- 17 leson AZERTY ak 16 leson QWERTY, etap pa etap, ak yon klavye vizyèl ki montre w ki dwèt pou w sèvi.
- Tès vitès 1, 2 oswa 5 minit, ak vitès brit, vitès nèt, presizyon ak erè.
- Estatistik detaye : koub pwogrè w, touch fèb ou yo, ak yon pratik espesyal sou touch sa yo.
- Mòd Sekretè : retape vre dokiman biwo, tankou w nan yon travay.
- Mòd Dikte : koute yon fraz epi tape sa w tande.
- Yon sètifika ou ka enprime lè w fin valide tout leson yon klavye.
- Senk lang pou ekran yo : kreyòl, franse, angle, panyòl ak potigè.

Kijan liv sa a òganize

Chak chapit eksplike yon pati nan aplikasyon an, ak imaj ekran reyèl. Nan imaj yo, itilizatè a se yon fi ki rele Junia; se yon non egzanp. W ap wè leson li yo, tès li yo ak sètifika li pandan tout liv la, menm jan w ap wè pa w yo lakay ou.



Imaj 1 : Ekran prensipal Pipirit la, ak lis leson AZERTY yo. Se ekran sa a ou wè apre w fin ouvri aplikasyon an epi w fin ekri non w.

Chapit 2 : Enstalasyon

Sa w bezwen

- Yon òdinatè Windows 10 oswa Windows 11, oswa yon òdinatè Mac.
- Fichye enstalasyon an. Sou Windows li rele « Pipirit-Setup-2.7.3.exe ». Ou resevwa l nan dosye Pipirit la, ansanm ak liv sa a epi yon videyo ki eksplike enstalasyon an.


Enstalasyon sou Windows, etap pa etap

Etap 1 : Ouvri fichye a. Louvri dosye Pipirit la, epi double klike sou « Pipirit-Setup-2.7.3.exe ». Tann yon ti moman; enstalasyon an ap kòmanse.

Etap 2 : Si Windows montre yon ekran ble. Li posib pou Windows montre yon gwo ekran ble ki di li pwoteje òdinatè w la. Pa pè, epi pa fèmen l. Ekran sa a parèt paske aplikasyon an nouvo epi Windows poko konnen l; se yon avètisman li bay pou tout nouvo aplikasyon. Klike sou lyen « Informations complémentaires » ki anba tit la. Si Windows ou an an panyòl, lyen an rele « Más información ».

Etap 3 : Konfime ou vle kontinye. Ekran an ap montre non fichye Pipirit la ak de bouton. Klike sou bouton « Exécuter quand même ». Si Windows ou an an panyòl, bouton an rele « Ejecutar de todas formas ».

Etap 4 : Fin enstalasyon an. Swiv etap yo ki parèt yo jouk ou rive nan fen. Apre sa, w ap jwenn yon ikòn Pipirit sou biwo w la ak nan meni Demare a. Double klike sou ikòn lan pou w ouvri aplikasyon an.



Imaj 2 : Ekran pwoteksyon Windows la (SmartScreen), an panyòl. Klike sou lyen ki anba mesaj la : « Más información » an panyòl, « Informations complémentaires » an franse.



Imaj 3 : Dezyèm ekran an montre non fichye Pipirit la. Klike sou bouton « Ejecutar de todas formas » (an franse : « Exécuter quand même ») pou w kontinye. Nan imaj la, non fichye a gen yon nimewo vèsyon ki pi ansyen; etap yo se menm etap yo pou vèsyon pa w la.

Enstalasyon sou Mac

Dekonprese fichye zip Pipirit la, epi glise aplikasyon an nan dosye Aplikasyon yo. Apre sa, double klike sou Pipirit pou w ouvri l. Si Mac la di li pa ka ouvri l, fè yon klik dwat sou ikòn aplikasyon an (oswa peze touch Kontwòl la pandan w klike), chwazi « Ouvrir » nan meni an, epi konfime yon lòt fwa. Apre premye fwa a, Mac la ap sonje chwa w la.

Apre enstalasyon an

Depi aplikasyon an enstale, ou pa bezwen entènèt ankò. Tout bagay, leson yo, tès yo ak rezilta yo, rete sou òdinatè w la.

Chapit 3 : Premye fwa w ouvri Pipirit

Kat byenveni an

Premye fwa w ouvri Pipirit, yon kat byenveni parèt. Li di w prensip yo : ekri non w anlè a, chwazi klavye w, epi kòmanse ak leson 1 an. Li raple w tou yon leson valide lè presizyon w rive 90% epi vitès ou ase. Klike sou bouton « Mwen konprann, ann kòmanse ! » pou w kontinye. Kat sa a parèt yon sèl fwa.

Ekri non w

Anlè ekran an, agòch, gen yon kaz ki make « Non itilizatè a ». Ekri non w ladan l; nan liv sa a, non egzanp lan se Junia. Non sa a enpòtan : se ak li aplikasyon an sove rezilta w yo, separe ak rezilta lòt moun ki sèvi ak menm òdinatè a. Si w pa ekri okenn non, aplikasyon an ap rele w « Itilizatè » epi rezilta yo ap melanje ak rezilta tout moun ki pa mete non yo.

Pwoteje non w ak yon kòd PIN (si w vle)

Si w vle, ou ka pwoteje non w ak yon kòd PIN, pou yon lòt moun pa sèvi ak non w san w pa konnen. Klike sou bouton « 🔒 + PIN » ki bò kaz non an, epi chwazi yon kòd ki gen omwen 3 chif. Aplikasyon an ap konfime w : « Kòd PIN la anrejistre. », epi bouton an ap vin montre « 🔒 PIN ✓ ».


Apre sa, si yon moun eseye ekri non w, aplikasyon an ap mande : « Non sa a pwoteje. Mete kòd PIN li : ». Si kòd la pa bon, li di : « Kòd PIN la pa bon. ». Kòd PIN lan pa obligatwa; se ou ki chwazi si w vle mete l. Si w vle chanje l oswa wete l pi ta, klike sou bouton PIN lan ankò epi swiv sa aplikasyon an mande w.

Chwazi lang ou ak klavye w

Toujou anlè ekran an, adwat, ou gen de meni. Meni « Lang » nan ba w senk lang : Kreyòl, Français, English, Español ak Português. Depi w chwazi yon lang, tout ekran yo chanje lang menm moman an. Meni « Klavye » a ba w AZERTY ak QWERTY; chwazi sa ki koresponn ak òdinatè w la. Si w pa konnen ki klavye w genyen, gade premye touch lèt yo sou klavye fizik ou a : si yo kòmanse ak A, Z, E, R, T, Y se AZERTY; si yo kòmanse ak Q, W, E, R, T, Y se QWERTY.

Si w te kòmanse yon leson deja

Si w te kòmanse yon leson epi w te kite l anvan l fini, aplikasyon an sonje kote w te rive a. Yon ba ap parèt anlè lis leson yo, ki di w « Ou te kòmanse : » ak non leson an, epi yon bouton « Kontinye ». Klike bouton sa a pou w reprann leson an kote w te kite l la.



Imaj 4 : Premye fwa w ouvri Pipirit. Kat byenveni an eksplike prensip yo. Anlè a, ou wè kaz « Non itilizatè a », bouton PIN lan, epi meni klavye ak lang yo.

Chapit 4 : Ekran prensipal la

Ekran prensipal la gen twa pati : yon ba anlè ak tout reglaj yo, yon ranje bouton ki mennen w nan chaque pati aplikasyon an, epi anba ekran an, yon liy ki montre vèsyon aplikasyon an ak non moun ki devlope l la, ak rapèl « 100% san entènèt » la.

Ba anlè a, bouton pa bouton

« Non itilizatè a » : kaz kote w ekri non moun k ap travay la. Tout rezilta yo sove sou non sa a.

« Son » : bouton ki aktive epi dezaktive son aplikasyon an, tankou ti son yo lè w ap tape.

« Kòd PIN itilizatè a » : bouton « 🔒 + PIN » pou mete yon kòd sou non w, jan chapit 3 a eksplike l la.

« Tèks » (bouton A+) : li chanje gwosè lèt yo sou ekran an. Si je w fatige, fè lèt yo pi gwo.

« Tèm » : li chanje koulè ekran an, mòd fonse oswa mòd klè, selon sa je w prefere.

« Klavye » : AZERTY oswa QWERTY, selon òdinatè w la.

« Lang » : lang tout ekran yo : kreyòl, franse, angle, panyòl oswa potigè.

Bouton pati yo


« Leson yo » : lis tout leson klavye w la.

« Tès vitès » : tès 1, 2 oswa 5 minit pou mezire vitès ou.

« Estatistik » : tout rezilta w yo, koub pwogrè w, touch fèb ou yo, vi pwofesè a ak sètifika a.

« Sekretè » : Mòd Sekretè ak Mòd Dikte, pou pratike tankou w nan yon biwo.

« A pwopo » : prezantasyon aplikasyon an, desen pozisyon dwèt yo, konsèy pozisyon kò a, ak non devlopè a.



Imaj 5 : Menm ekran prensipal la, apre nou chanje lang lan an franse ak meni « Lang » nan. Remake kijan tout bouton anlè yo ak bouton pati yo chanje lang tou.

Chapit 5 : Leson yo

Prensip leson yo


Leson yo ale etap pa etap, touch pa touch. Kòmanse ak leson 1 an epi avanse nan lòd la. AZERTY gen 17 leson, QWERTY gen 16 leson. Premye leson yo travay ranje mitan an, se ranje kote dwèt ou yo poze lè w pap tape. Apre sa vini ranje anlè a, ranje anba a, senbòl ak aksan yo, majiskil ak pwentiyasyon, chif yo, epi tèks konplè nan kreyòl, franse ak angle.

Dènye leson AZERTY a, leson 17, rele « Mo ak non Ayiti ». Ladan l, ou pratike ak katòz non ayisyen : Desalin, Vètye, Ayiti, Sitadèl, Pòtoprens, Okay, Okap, Jeremi, Jakmèl, Gonayiv, Pòdepè, Wanament, Ench ak Miragwan. Nan QWERTY, se leson 16 ki pote menm non an.

Kijan yon leson mache

Klike sou kat leson ou vle a. Tèks leson an parèt nan yon gwo kaz. Karaktè ou dwe tape a klere, epi anba kaz la, aplikasyon an ekri : « Touch pou w tape : » ak non touch la epi dwèt ou dwe sèvi a, pa egzanp dwèt bag gòch la. Pi ba toujou, klavye vizyèl la montre menm touch la an koulè. Chak touch sou klavye vizyèl la gen yon ti ba koulè anba l; koulè a se koulè dwèt ki responsab touch sa a.

Lè w tape bon karaktè a, li vin vèt epi w avanse. Si w fè yon erè, karaktè a make epi ou dwe korije l pou w kontinye, jan ekran leson yo di l : peze touch ki efase a (touch Backspace la) epi retape bon karaktè a. Pandan tout leson an, kat ti kaz anlè yo montre w vitès ou an « Mo pa minit », « Presizyon » w, kantite « Erè » ak « Tan » ki pase a.




Imaj 6 : Yon leson k ap mache. Sa w deja tape yo an vèt, touch ou dwe tape a klere, epi klavye vizyèl la montre w touch la ak dwèt ou dwe sèvi a.

Règ pou yon leson valide


Yon leson valide lè de kondisyon reyini : presizyon w rive 90% omwen, epi vitès ou rive nan minimòm leson an mande a. Minimòm vitès la monte pandan w ap avanse : 6 mo pa minit pou premye leson yo, apre 10, apre 14, epi 18 mo pa minit pou dènye leson yo. Anba tit chak leson, aplikasyon an toujou ekri sa w bezwen, pa egzanp : « Pou valide : 90% presizyon + 6 mo/min ».

Lè w fini yon leson, yon panèl rezilta parèt. Si w valide, li di w « Byen jwe ! » epi « Leson an valide ! Presizyon ak vitès ou pase. ». Si w pa valide, aplikasyon an di w sa ki manke a : swa presizyon an poko rive 90%, swa vitès la twò ba, ak minimòm ou dwe rive a. Ou ka klike « Refè menm leson an » pou w reeseye, « Leson apre a » pou w kontinye, oswa « Lis leson yo » pou w retounen nan lis la.

Nan lis leson yo, kat leson ou deja valide yo gen yon mak ✓, pi bon vitès ou ekri anba non leson an, epi zetwal yo montre nivo w : jiska twa zetwal, selon presizyon w ak vitès ou.



Imaj 7 : Rezilta yon leson ki valide : « Byen jwe ! », ak vitès la, presizyon an, erè yo ak twa zetwal yo. Anba ekran an, ou wè vèsyon aplikasyon an ak non devlopè a.



Imaj 8 : Lis leson QWERTY yo (16 leson). Pou pase de AZERTY a QWERTY oswa lekontrè, sèvi ak meni « Klavye » ki anlè ekran an.

Chapit 6 : Tès vitès

Pou kisa tès la sèvi

Tès vitès la mezire vitès ou sou yon tèks nòmal, pandan yon tan ki fikse. Se pi bon fason pou w konnen vre nivo w, epi pou w wè si w ap pwogrese semèn apre semèn.


Kijan w pase yon tès

Etap 1 : Louvri onglet la. Klike sou bouton « Tès vitès » la.


Etap 2 : Chwazi dire a. Nan meni « Dire » a, chwazi 1 min, 2 min oswa 5 min. Pou kòmanse, 1 minit sifi.

Etap 3 : Chwazi lang tèks la. Nan meni « Lang tèks la », chwazi kreyòl, franse, angle, panyòl oswa potigè. Tèks la ap nan lang sa a.

Etap 4 : Kòmanse. Klike sou « Kòmanse tès la ». Tèks la parèt. Konte a rebou a kòmanse depi w tape premye karaktè a; tape kalm epi regilye, jouk tan an fini. Aplikasyon an arete tès la li menm, ou pa bezwen peze anyen.



Imaj 9 : Ekran tès vitès la anvan w kòmanse : meni « Dire » a, meni « Lang tèks la », ak bouton « Kòmanse tès la ».



Imaj 10 : Yon tès k ap mache. Anlè yo ou wè vitès ou, presizyon w, erè yo ak « Tan ki rete » a. Sa w tape yo vin vèt.


Konprann rezilta tès la

Lè tan an fini, panèl « Tès la fini ! » parèt ak senk enfòmasyon : vitès ou an mo pa minit, presizyon w, kantite erè, tan an, epi vitès nèt la.

Vitès brit la se vitès ou tape a jan l ye a, san yo pa retire anyen.

Vitès nèt la se vitès la apre yo fin pran erè yo an kont. Plis ou fè erè, plis vitès nèt la desann anba vitès brit la. Nan vre lavi a, chak erè w dwe korije pran tan; se pou sa vitès nèt la di vre nivo w pi byen.

Rezilta tès la antre nan estatistik ou yo otomatikman, ak kalite « Tès ».



Imaj 11 : Rezilta yon tès 1 minit : 55 mo pa minit, presizyon 100%, zewo erè, epi vitès nèt 55.


Chapit 7 : Estatistik ou yo

Onglet « Estatistik » la rasanble tout rezilta w yo. Seksyon « Estatistik itilizatè a » montre rezilta moun ki konekte a, se moun ki gen non l nan kaz anlè a.

Kat rezime yo ak tablo a

Kat kat anlè yo ba w yon rezime rapid : kantite « Sesyon » ou fè, « Vitès mwayèn » ou, « Pi bon vitès » ou, epi « Presizyon mwayèn » ou. Anba yo, ti etikèt yo separe rezilta yo pa kalite, pa egzanp Leson, Tès, Pratik siblé, Dokiman sekretè ak Dikte, ak vitès mwayèn chak kalite.

Tablo ki anba a montre chak sesyon apa : « Dat » la, « Itilizatè » a, « Kalite » a, « Leson / Tès » la, « Mo pa minit », « Presizyon » ak « Erè ». Sesyon ki pi resan yo parèt anlè.



Imaj 12 : Estatistik Junia : 18 sesyon, vitès mwayèn 58 mo pa minit, pi bon vitès 62, epi tablo tout sesyon li yo.

Koub pwogrè a

Pi ba, graf « Pwogresyon vitès ou » a trase yon liy ak vitès ou, sesyon apre sesyon. Lè liy la ap monte, sa vle di w ap pwogrese. Se pi bèl ankourajman aplikasyon an ba w.

Enprime oswa efase

« Enprime rezilta yo » : prepare yon paj ak tout rezilta w yo pou w enprime l oswa sove l.

« Efase tout estatistik » : efase tout rezilta yo, pou tout itilizatè yo. Aplikasyon an ap mande w konfime anvan, ak kesyon « Efase tout estatistik yo vre ? ». Atansyon : lè w fin efase yo, ou pa ka reprann yo.




Imaj 13 : Anba tablo a, koub « Pwogresyon vitès ou » a, epi seksyon touch fèb yo ak bouton pratik siblé a. Chapit apre a pale de li.

Chapit 8 : Pratik siblé sou touch fèb yo

Nan onglet « Estatistik » la, seksyon « Touch ki fè w fè plis erè » a montre touch ou rate pi souvan yo. Chak touch parèt nan yon ti etikèt wouj, ak kantite fwa w rate l ak dwèt ki responsab li a, pa egzanp « j ×6, endèks dwat » oswa « m ×2, ti dwèt dwat ».

Klike sou bouton « Pratik siblé sou touch fèb yo » : aplikasyon an kreye yon egzèsis espesyal ki melanje touch fèb ou yo ak lèt ki bò kote yo sou klavye a. Konsa, w ap travay egzakteman kote w fèb la, olye w refè leson ou deja konnen yo. Egzèsis la mache menm jan ak yon leson : klavye vizyèl la gide w, epi rezilta l antre nan estatistik yo ak kalite « Pratik siblé ».

Si w poko fè ase leson, seksyon an ap di w poko gen ase done, epi l ap envite w fè kèk leson anvan. Plis ou pratike, plis analiz la vin presi.



Imaj 14 : Yon pratik siblé k ap mache. Egzèsis la melanje touch fèb Junia yo, j ak m, ak lòt lèt, jouk dwèt li vin abitye ak yo.

Chapit 9 : Vi pwofesè a

Toujou nan onglet « Estatistik » la, seksyon « Tout itilizatè yo » a se vi pwofesè a. Li rasanble tout moun ki sèvi ak Pipirit sou òdinatè sa a, nan yon sèl tablo : pou chak itilizatè, kantite sesyon l, vitès mwayèn li, pi bon vitès li, presizyon mwayèn li, epi kantite leson l valide.

Vi sa a itil anpil pou yon pwofesè, yon responsab lekòl oswa yon paran : ou wè pwogrè chak moun yon sèl koudey, san w pa bezwen louvri kont chak moun apa. Estatistik ki anlè yo, yo menm, se pou itilizatè ki konekte a sèlman.



Imaj 15 : Vi pwofesè a, ak liy Junia a : 18 sesyon, 17 leson valide. Anba tablo a, ou wè bouton « Enprime rezilta yo », « Sètifika mwen », « Ekspòte sovgad la », « Enpòte yon sovgad » ak « Efase tout estatistik » yo.

Chapit 10 : Mòd Sekretè

Onglet « Sekretè » a gen de mòd pratik ki prepare w pou vre travay : Mòd Sekretè a ak Mòd Dikte a. Chapit sa a pale de Mòd Sekretè a; chapit apre a pale de Dikte a.


Prensip Mòd Sekretè a, jan aplikasyon an di l : ou chwazi yon dokiman, epi w retape l egzakteman jan w wè l nan papye a. Se travay yon vre sekretè.

Chwazi yon dokiman

Twa dokiman disponib, chak ak kantite karaktè li :

- « Lèt demann travay » (286 karaktè) : yon lèt fòmèl pou mande yon travay.
- « Fich enskripsyon » (170 karaktè) : yon fich enskripsyon ak non, telefòn, kou, sesyon ak yon montan an goud.
- « Lèt an angle » (188 karaktè) : yon lèt an angle, pou w pratike lòt lang lan tou.

Klike sou bouton « Kòmanse » ki sou dokiman ou vle a.




Imaj 16 : Onglet Sekretè a : twa dokiman Mòd Sekretè yo, epi anba yo, seksyon Mòd Dikte a ak bouton « 🎧 Koute fraz la ».


Retape dokiman an

Dokiman an parèt tankou yon fèy papye blan, ak tit li. Anba papye a, yon kaz tann ou tape menm tèks la, karaktè pa karaktè, egzakteman jan l ye a : majiskil yo, nimewo telefòn lan, dat yo ak montan yo, tout bagay dwe parèy. Kat ti kaz yo montre w vitès ou, presizyon w, erè yo ak tan an, menm jan ak nan yon leson.

Lè w fini, aplikasyon an ba w rezilta w, epi rezilta a antre nan estatistik yo ak kalite « Dokiman sekretè ». Ou ka klike « Dokiman suivan » pou w pase nan yon lòt dokiman, oswa « ← Chwazi yon lòt dokiman » pou w retounen nan lis la.



Imaj 17 : Fich enskripsyon an, tankou yon fèy papye. Anba a, tèks Junia ap retape a an vèt, ak vitès li a 56 mo pa minit.



Imaj 18 : Dokiman an fini : tout tèks la an vèt, presizyon 100%, zewo erè.

Chapit 11 : Mòd Dikte

Mòd Dikte a antrene zòrèy ou ansanm ak dwèt ou. Prensip la senp : ou koute yon fraz, epi w tape sa w tande, san w pa wè tèks la.


Kijan l mache

Etap 1 : Klike bouton an. Nan onglet « Sekretè » a, desann nan seksyon « Mòd Dikte » a epi klike sou « 🎧 Koute fraz la ».

Etap 2 : Koute. Vwa òdinatè a li yon fraz byen fò, nan lang ou chwazi pou ekran yo a. Fraz la pa ekri okenn kote.

Etap 3 : Tape. Tape sa w tande a. Pandan w ap tape, ou wè sèlman sa w tape a vin vèt; rès fraz la rete kache.

Etap 4 : Wè rezilta w. Lè w rive nan fen fraz la, aplikasyon an di w « Dikte fini ! » ak presizyon w, kantite erè w ak vitès ou. Rezilta a antre nan estatistik yo ak kalite « Dikte ».




Imaj 19 : Yon dikte k ap mache. Fraz la kache; Junia wè sèlman sa l deja tape a. Anwo a, bouton yo : « 🎧 Koute fraz la », « 🔁 Repete » ak « 🐌 Pi dousman ».

Si w pa byen tande

« 🔁 **Repete » :** fè vwa a repete menm fraz la.

« 🐌 **Pi dousman » :** fè vwa a pale pi dousman, pou w ka pran tan w.

Atansyon, jan aplikasyon an avèti w la : kalite dikte a depann de vwa ki enstale sou òdinatè w la. Pou kreyòl la, se vwa franse òdinatè a ki li fraz yo; kèk son ka sonnen diferan de jan nou pale kreyòl, kidonk sèvi ak bouton Repete a ak bouton Pi dousman an lè w bezwen. Si òdinatè a pa gen okenn vwa disponib, aplikasyon an ap di w : « Odinatè a pa gen vwa disponib pou dikte a. ».



Imaj 20 : Dikte a fini : presizyon 100%, zewo erè, vitès 53 mo pa minit. Anba rezilta yo, ou wè seksyon Mòd Dikte a ak bouton li yo.

Chapit 12 : Sètifika a

Lè w fin valide tout leson yon klavye, tout 17 leson AZERTY yo oswa tout 16 leson QWERTY yo, ou genyen yon sètifika reyisit. Se rekonpans travay ou a, epi yon prèv ou ka montre fanmi w, lekòl ou a oswa patwon w.


Kote w jwenn li

Ale nan onglet « Estatistik » la, epi klike sou bouton « Sètifika mwen ». Bouton sa a parèt sèlman lè w fin valide tout leson klavye w la; si w pa wè l, sa vle di gen leson ki poko valide toujou.

Sètifika a montre tit « Sètifika reyisit », non w, klavye w fin fè a, dat jou a, epi siyati devlopè a : Max Ricardo Montès, 25 25 Technologies LLC.

Enprime sètifika a

Anba sètifika a, klike sou bouton enprime a (« Enprime rezilta yo ») pou w enprime sètifika a sou papye oswa sove l an PDF, selon sa òdinatè w la pèmèt. Bouton « Retounen » an mennen w tounen nan estatistik yo.



Imaj 21 : Sètifika reyisit Junia a, apre li fin valide tout 17 leson AZERTY yo, ak siyati Max Ricardo Montès, 25 25 Technologies LLC.

Chapit 13 : Sovgad done w yo

Pou kisa w dwe fè sovgad

Tout rezilta w yo rete sou òdinatè w la. Si w chanje òdinatè, oswa si w reenstale aplikasyon an, ou ka pèdi pwogrè w si w pat fè sovgad. Sovgad la se yon ti fichye ki gen tout estatistik yo, leson valide yo, zetwal yo ak touch fèb yo, pou tout itilizatè yo sou òdinatè a.

Ekspòte sovgad la

Etap 1 : Ale nan Estatistik. Klike sou onglet « Estatistik » la.

Etap 2 : Klike bouton an. Klike sou « Ekspòte sovgad la ».

Etap 3 : Sove fichye a. Aplikasyon an kreye yon fichye ki rele « pipirit-sovgad.json ». Chwazi ki kote w vle sove l. Yon bon lide : sove l sou yon kle USB, konsa w ap toujou gen l avèk ou.

Enpòte yon sovgad

Etap 1 : Sou nouvo òdinatè a. Enstale Pipirit, ouvri l, epi ale nan onglet « Estatistik » la.

Etap 2 : Klike bouton an. Klike sou « Enpòte yon sovgad ».

Etap 3 : Chwazi fichye a. Chwazi fichye « pipirit-sovgad.json » ou te sove a. Aplikasyon an remete done yo epi li redemare; w ap jwenn tout istwa w, leson valide w yo ak zetwal ou yo, epi w ka kontinye kote w te ye a.

Atansyon : lè w enpòte yon sovgad, done ki nan fichye a ranplase done ki sou òdinatè a nan moman an. Si nouvo òdinatè a te gen lòt rezilta deja, fè yon sovgad de yo anvan si w vle kenbe yo.

Bon abitid : fè yon sovgad chak mwa, epi chak fwa w fin pase yon gwo etap, pa egzanp lè w fin valide tout leson yon klavye.



Imaj 22 : Bouton « Ekspòte sovgad la » ak « Enpòte yon sovgad » yo, anba tablo vi pwofesè a, nan onglet Estatistik la (menm ekran ak imaj 15 la).

Chapit 14 : Konsèy pou w pwogrese

Pozisyon dwèt yo

Dwèt ou yo rete poze sou ranje mitan an. Sou klavye AZERTY : men gòch la sou touch Q, S, D ak F yo, epi men dwat la sou J, K, L ak M yo. Gwo dwèt ou yo sèvi pou touch Lespas la, anba klavye a. Chak dwèt responsab yon kolòn touch; sou klavye vizyèl aplikasyon an, chak touch gen koulè dwèt ki responsab li a. Nan onglet « A pwopo » a, desen « Pozisyon dwèt yo » a montre w chak dwèt ak non l : ti dwèt, dwèt bag, dwèt mitan, endèks ak gwo dwèt.

Pozisyon kò a

Jan seksyon « Pozisyon kò a » nan aplikasyon an di l :

- Do w dwat, pye w plat atè a.
- Ekran an nan nivo je w, a yon bra distans.
- Dwèt yo poze sou ranje mitan an, ponyèt yo pa kole sou tab la.
- Chak 20 minit, leve je w epi repoze men w.



Imaj 23 : Desen pozisyon dwèt yo ak konsèy pozisyon kò a, nan onglet « A pwopo » a. Anba nèt, liy vèsyon an : Pipirit v2.7.3, Max Ricardo Montès, 25 25 Technologies LLC.

Abitid ki fè w avanse

Pa gade klavye a. Se objektif tout egzèsis yo. Nan kòmansman, sèvi ak klavye vizyèl la sou ekran an olye w gade men w yo.

Presizyon anvan vitès. Si w kouri twòp, erè yo ap anpeche leson yo valide. Tape kalm; vitès la ap monte natirèlman lè dwèt ou yo konnen touch yo.


Pratike yon ti kras chak jou. Diz a kenz minit chak jou pi bon pase yon gwo sesyon yon fwa pa semèn. Se regilarite a ki fè dwèt yo sonje.

Sèvi ak zouti aplikasyon an. Refè leson ou rate yo, fè pratik siblé sou touch fèb ou yo regilyèman, epi pase yon tès vitès chak semèn pou w mezire pwogrè w sou koub la.

Chapit 15 : Kesyon yo poze souvan

Mwen bliye kòd PIN mwen an. Kisa pou m fè ? Si w pa sonje kòd la, ou p ap ka sèvi ak non sa a ankò sou aplikasyon an, paske se kòd la ki pwoteje l. Ou ka kreye yon nouvo itilizatè ak yon lòt non epi rekòmanse. Lè w mete yon kòd PIN, chwazi yon kòd w ap sonje, epi si w vle, ekri l yon kote prive lakay ou.

Windows bloke enstalasyon an. Èske se yon pwoblèm ? Non, se ekran pwoteksyon SmartScreen la, epi li nòmal pou yon aplikasyon ki nouvo. Swiv etap chapit 2 a : klike sou « Informations complémentaires », epi sou « Exécuter quand même » (an panyòl : « Más información », epi « Ejecutar de todas formas »).



Imaj 24 : Ekran pwoteksyon Windows la. Se li ki parèt lè Windows bloke yon nouvo aplikasyon; chapit 2 a eksplike kisa pou w klike.

Kijan m chanje lang aplikasyon an ? Anlè ekran an, nan meni « Lang » nan, chwazi lang ou vle a : Kreyòl, Français, English, Español oswa Português. Chanjman an fèt menm moman an, sou tout ekran yo.

Plizyè moun sèvi ak menm òdinatè a. Èske rezilta nou yo ap melanje ? Non, si chak moun ekri non l nan kaz « Non itilizatè a » anvan l kòmanse. Estatistik yo sove separe pou chak non, epi vi pwofesè a nan onglet Estatistik la montre rezilta chak moun apa.

Èske m bezwen entènèt pou m sèvi ak Pipirit ? Non. Apre enstalasyon, Pipirit travay 100% san entènèt. Ou bezwen entènèt sèlman pou w resevwa dosye enstalasyon an.

Mwen pa wè bouton « Sètifika mwen » an. Poukisa ? Bouton an parèt sèlman lè w fin valide tout leson klavye w la : 17 leson AZERTY oswa 16 leson QWERTY. Si w pa wè l, gen leson ki poko valide toujou; gade nan lis leson yo ki leson ki pa gen mak ✓ la.

Son an pa mache, oswa m pa vle tande l. Gade bouton « Son » ki anlè ekran an : li aktive epi dezaktive son yo. Ti chant pipirit la, ou tande lè aplikasyon an ouvri, ka aktive oswa dezaktive nan onglet « A pwopo » a, nan liy « Chant pipirit la ».

Yon leson mwen fini pa valide. Poukisa ? Gen de rezon posib : presizyon w anba 90%, oswa vitès ou anba minimòm leson an mande a. Panèl rezilta a di w ki rezon an. Refè leson an kalm, epi konsantre w sou presizyon an anvan.

Mwen vle efase tout rezilta yo epi rekòmanse depi nan zewo. Ale nan onglet « Estatistik » la, klike « Efase tout estatistik », epi konfime. Atansyon : sa efase rezilta tout itilizatè yo sou òdinatè a, epi ou pa ka defèt sa.

Chapit 16 : A pwopo epi kredi

Pipirit se yon aplikasyon pwofesyonèl pou aprann tape vit epi byen, ak tout dwèt ou, san w pa gade klavye a. Li fonksyone 100% san entènèt : leson yo, tès yo ak rezilta yo rete sou òdinatè w.

Li fèt pou tout moun ki vle metrize klavye a : timoun, elèv, pwofesyonèl, nenpòt kote nan mond lan.

Devlope pa


Max Ricardo Montès

25 25 Technologies LLC

Vèsyon aplikasyon an : 2.7.3

Mèsi paske w sèvi ak Pipirit. Bon pratik, epi sonje : se regilarite a ki fè vitès la.

© 2026 Max Ricardo Montès, 25 25 Technologies LLC. Tout dwa rezève.



Imaj 25 : Onglet « A pwopo » a : prezantasyon aplikasyon an, liy devlopè a, epi kòmansman desen pozisyon dwèt yo.